D+S
M

**Limiè kè sansib**

5ème dim. o. A NF p. 343

Mt 5,13-16 ; Jn 8,12 ; Is 58,7-10

Musique : 2 janvier 1999
S. Bazile et S. Grégoire de Nazianze

Paroles: 6 février 1999
S. Paul Miki et compagnons
Dédié à Marthe Robin
18ème anniversaire de sa mort

**R. Limiè pou tout nasion k-ap kléré nan fènoua**
**Limiè pou tout nasion, Mision-ou kòm vérité.** Is 49,6

1. Yon vil bati sou mòn pa kap rété kaché,
   Yo pa limin yon lanp pou mété-l anba tab. Mt 5,14
2. Lanp la pozé sou tab tout kay la byin kléré,
   Limiè-ou dévan lèzòm l-ap fè louanj pou Papa-a. Mt 5,16
3. Moun k-ap suiv Jézu-Kri pap maché nan fènoua,
   L-ap gin limiè lavi k-ap diré pou tout tan. Jn 8,12
4. Bay sa-k grangou manjé, résévoua sa-k san kay,
   Abiyé sa-k san rad, limiè-ou ap éklaté. Is 58,7 ; Mt 25,35-36
5. Pa pézé, ménasé, pa di paròl méchan,
   Soulajé sa-k krazé, limiè-ou chasé fènoua. Is 58, 9-10
6. Ou-ap kléré nan fènoua, limiè pou kè ki douat,
   Pitié ak kè sansib, ak sa-k fè moun kòrèk. Ps 112,4
7. Moun ki mandé-ou prété, fè kè-ou sansib pou li,
   Louvri dé min-ou byin laj, bay pòv la sa-l bézouin. Ps 112,5-9